



Pou Piblikasyon Imedya: 22/11/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY FÒS ENTÈVANSYON KONT KRIM RAYISANS NAN LAPOLIS ETA A LÒD POU YO EDE NAN ANKÈT NYPD AP MENNEN SOU YON ATAK KONT LGBTQ KI TE FÈT NAN ESTASYON TREN NAN BRONX

"Mwen revòlte anpil akòz agresyon vyolan kont LGBTQ ki te fèt nan yon estasyon tren nan Bronx bonè nan maten sa a. Krim atwòs, lèd sa a kontrè ak valè nou yo kòm rezidan New York e nou p ap tolere anyen nan yon zak rayisans abominab konsa.

Mwen bay Fòs Entèvansyon kont Krim Rayisans nan Lapolis Eta a lòd pou yo ede nan ankèt NYPD ap mennen sou atak brital sa epi pou asire ke yo mennen responsab lach sa a devan lajistis.

Pandan ke sila yo ki motive avèk rayisans ap eseye gaye laperèz ak entolerans nan kominote nou yo, New York ap kontinye rete yon limyè lespwa ak akseptasyon pou tout moun. Lè ou atake yon rezidan New York, ou atake tout rezidan New York yo e nou vle ke kominote LGBTQ a konnen n ap toujou defann yo".

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)